



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE 190ÈM ANIÈSÈ WOUT RAY LONG ISLAND LAN

Nan kad Lidèchip Gouvènè Hochul LIRR te eksperimente pi gwo ogmantasyon sèvis nasyon an

*Wout Ray la devlope rejyon an, amelyore sekirite, sèvis ak enfrastrikti*

Gouvènè Hochul ak Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an jodi a te selebre 190èm anivèsè fondasyon Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) MTA nan dat 24 avril 1834. LIRR se tren ki pi okipe nan Amerik di Nò, ki pote plis pase 200,000 kliyan chak jou lasemèn ak ane pase a ansanm ak ouvèti Grand Central Madison ak Twazyèm Liy Prensipal la li te opere plis pase 77,000 tren anplis pase ane anvan an, yon ogmantasyon sèvis a 41 pousan.

"Fondasyon Wout Ray Long Island nan dat 24 avril 1834 te make yon nouvo kòmansman vwayaj ak koneksyon rejyonal." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li te bay anpil avantaj pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki konte sou li chak jou, epi li montre enpòtans pou kontinye ogmante transpò piblik nan tout eta nou an."

**Prezidan Wout Ray Long Island lan, Rob Free, te deklare,** "190 ane ki sot pase yo te montre ke istwa kwasans ak devlopman Long Island mare ak amelyorasyon ak ekspansyon Wout Ray Long Island lan. Relasyon an ap kontinye jiska jodi a, kote Long Island ap pwospere an pati akòz aksè li ak yon sistèm transpò ki san danje epi ki fyab 24 sou 24 kontrèman ak nenpòt lòt nan peyi a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Nan istwa 190 ane Wout Ray Long Island lan, senk ane pase yo te kèk nan ane ki pi enpòtan, ak aplikasyon nan Kontwòl Tren Pozitif, rekonstriksyon espas LIRR nan Penn Station, finisman Pwojè Twazyèm Ray la ak premye nouvo sèvis konplè nan 50 ane nan Elmont-UBS Arena. Epi ak ouvèti Grand Central Madison, gen opsyon vwayaj nan sans envès solid ki konekte rezidan Vil la ak travay sou zile a epi ki pèmèt biznis Long Island yo rekrite talan nan tout rejyon an. Nou rekonesan pou sipò enkondisyonèl Gouvènè Hochul, ki rekonèt enpòtans pou kontinye amelyore ak modènize LIRR la."

Pou selebre okazyon an, wout ray la envite moun ki gen tikè aktyèl pou chak mwa Mail & Ride ki plis ansyen, Phyllis Klecka nan East Islip, ki ap vwayaje sou wout tren an depi 60 ane.

**Phyllis Klecka, ki gen Tikè Chak Mwa Mail & Ride, te deklare** "Se pi bon kote pou mwen detann epi li. Te toujou gen yon gwo benefis nan vwayaje nan LIRR la, sètadi tan ki disponib pou fè lekti. Machin yo anjeneral trankil pandan vwayaj lasemèn maten ak aswè, kidonk gwo valiz mwen an vin tounen yon bibliyotèk tanporè plen ak journal, liv ak atik."

Nan 190 ane ki sot pase yo, senk dènye yo se te kèk nan ane ki pi istorik nan istwa wout ray la. Depi 2018, Wout Ray Long Island lan te aktive Kontwòl Tren Pozitif, yon sistèm ki bay yon kouch sekirite siplemantè pou operasyon tren yo, li te ajoute yon dezyèm vwa ki mezire 21 km nan Branch Ronkonkoma, yon [Twazyèm Ray nan Liy Prensipal la](#) ki mezire 16 km ant Floral Park ak Hicksville, yo te konstwi premye nouvo sèvis konplè nan 50 ane nan Elmont-UBS Arena epi li te ouvri yon nouvo tèminal nan [Grand Central Madison](#) ki te pote sèvis LIRR dirèkteman nan lès Manhattan pou premye fwa. Kèk karakteristik nan pwojè sa yo te nouvo sistèm siyal, modifikasyon soustasyon elektrik ak ekipman modèn. Twazyèm Ray nan Liy Prensipal la te non sèlman yon gwo avansman nan sèvis la, men se te yon gwo pwogrè nan sekirite ak eliminasyon uit pasaj nan nivo lari a ak, modifikasyon nan sèt pon tren.

Penn Station, tèminal LIRR nan West Side te resevwa yon gwo amelyorasyon apati ane 2020 ak ouvèti yon nouvo antre emblematik nan Sal LIRR nan Seventh Avenue ak 33rd Street. Answit, ekip konstriksyon yo te ale nan rès sal la ant 7èm ak 8yèm avni, anvan yo te retire gwo pout "[arè](#)" ki pandye a ki te kenbe plafon yo ba depi lè tèminal rekonstwi a te ouvri plis pase 50 ane de sa. Retire arè sa yo te pèmèt LIRR ogmante plafon yo a 18 pye wotè epi pwojè konplè a te prèske double lajè koridò a, te bay amelyorasyon aksesibilite kle, amelyore ekleraj ak sikilasyon lè a, li te ajoute oryantasyon entwitif, amelyore opsyon pou vann an detay ak manje epi li te ajoute yon plafon limine ki alimante pa LED.

Konbinezon Twazyèm Ray nan Liy Prensipal la ak ouvèti Grand Central Madison te pèmèt Wout Ray Long Island konplètman revize orè li yo, ajoute 41 pousan plis sèvis ak plis tren k ap kouri pandan lè chaje yo ak pi bon opsyon vwayaj nan sans envès pou ale nan Long Island. Moun Long Island yo kounye a gen kapasite pou yo vwayaje soti nan Montauk pou ale Mount Kisco, Patchogue rive Peekskill ak Stony Brook rive Stratford ak yon sèl tikè.

Pèfòmans alè LIRR te 94 pousan an 2023, 95 pousan an janvyè, ak 96 pousan an fevriye, menm avèk kanit pasaje ki te ogmante a 22 pousan konpare ak fevriye 2023. Chif sa a kontinye amelyore pandan 2024 la.

### **Pou Lavni**

Nan Pwogram Kapital aktyèl la, MTA Construction & Development ap vanse ak [amelyorasyon ADA nan nèf estasyon Wout Ray Long Island](#). Yo planifye nouvo asansè

ak amelyorasyon pou Amityville, Copiague, Laurelton, Lindenhurst, Locust Manor, Massapequa Park ak St. Albans. Nan kòmansman mwa sa a, MTA [te anonse](#) li pral avanse ak amelyorasyon pou rann Hollis Station aksesib epi amelyore aksè ak Babylon ak Forest Hills. Tout estasyon LIRR yo ap avanse swa nan konstriksyon oswa konsepsyon pou aksè ADA.

Eleman aksesibilite ki egziste deja nan estasyon Auburndale ak Valley Stream pral amelyore tou, ki gen ladan nouvo asansè ant nivo lari ak platfòm lan, modifikasyon ovan, nouvo twotwa ak ranp twotwa ki konfòm ak Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo.

Pandan travayè yo kontinye retounen nan biwo apre pandemi Covid la, LIRR konsantre sou bay sèvis fyab, amelyore sekirite abò tren yo ak nan enstalasyon li yo ak diminye foul moun nan tren yo pandan kantite pasaje yo kontinye ap grandi. LIRR ap amelyore eksperyans kliyan an pou plis moun pran Wout Ray Long Island lan. LIRR se fason ki pi bon mache, pi pratik ak konfòtab pou antre ak soti nan vil la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)